**दिन–गुरूवार** **दिनांक–20.02.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ अपन प्रगति यात्राक क्रम मे नालंदा जिला मे आठ सय एक्कैस करोड़क लागति सँ दू सय छप्पन विकास योजनाक उद्‌घाटन आ शिलान्यास कयलनि। श्री कुमार जिलाक सिलाव प्रखंडक नानंद आदर्श मॉडल गाम मे डिजिटल लाइब्रेरी, अमृत सरोवर आ पार्कक उद्‌घाटन कयलनि। मुख्यमंत्री सबैत गाम मे अति पिछड़ा वर्ग बालिका आवासीय विद्यालय, नालंदा मोड़ स्थित मत्स्य हैचरी, बिंद प्रखंड मे कस्तुरबा गांधी आवासीय बालिका विद्यालय आ बिहारशरीफक मामू भगिना स्थित फिटनेस पार्कक उद्‌घाटन कयलनि। ओ जिलाक सात प्रखंड मे हेल्थ एंड वेलनेस सेंटरक उद्‌घाटन सेहो कयलनि।

---

भारतीय जनता पार्टीक विधायक रेखा गुप्ता दिल्लीक नव मुख्यमंत्री बनलीह। दिल्लीक उपराज्यपाल विनय कुमार सक्सेना आइ रामलीला मैदान मे आयोजित समारोह मे रेखा गुप्ता के पद आ गोपनीयताक शपथ दियौलनि। मुख्यमंत्रीक संग छओ कैबिनेट मंत्री प्रवेश साहिब सिंह, आशीष सूद, मनजिंदर सिंह सिरसा, रवीन्द्र इन्द्राज सिंह, कपिल मिश्रा आ पंकज कुमार सिंह सेहो शपथ लेलनि। एहि अवसर पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह, रक्षामंत्री राजनाथ सिंह आ आनो केन्द्रीय मंत्री उपस्थित छलाह।

---

केन्द्र सरकार आइ एक विशेष गैर संक्रामक रोग स्क्रीनिंग अभियानक शुभारम्भ कयलक। एहि अभियानक उद्‌देश्य तीस वर्ष आ ओहि सँ पैघ आयुक सभ व्यक्ति के स्वास्थ्य स्क्रीनिंग करबाक अछि। केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्रालय कहलक अछि जे एहि पहलक उद्‌देश्य आम गैर

संक्रामक रोग, जेना मधुमेह, उच्च रक्तचाप, आ तीन सामान्य कैंसर मुँह, स्तन आ गर्भाशय कैंसर लेल सभ व्यक्तिक स्क्रीनिंग करब अछि।

———————————————————————————

भारतीय कृषि अनुसंधान परिषदक पूर्वी क्षेत्रक अनुसंधान परिसर–आईसीएआर–आरसीईआरक तीन दिवसीय रजत जयंती समारोह आइ सँ पटना मे शुरू भेल। कार्यक्रमक उद्घाटन भाजपा विधायक संजीव चौरसिया आईसीएआरक पूर्वी अनुसंधान परिसरक निदेशक डॉक्टर अनुपदास समेत आनो गणमान्य लोक संयुक्त रूप सँ कयलनि। प्रगतिशील कृषि विकसित भारत विषय पर केन्द्रित समारोह मे किसान मेला, राष्ट्रीय संगोष्ठी, कृषक वैज्ञानिक संवाद समेत विभिन्न कार्यक्रमक आयोजन कयल जायत। शनि दिन के स्थापना दिवसक मुख्य समारोह आयोजित कयल जायत। एहि मे महिला लोकनि लेल विशेष रूप सँ डिजाईन कयल गेल एकीकृत खेती मॉडलक शुभारम्भ होयत।

———————————————————————————

बिहार कांग्रेसक नवनियुक्त प्रभारी कृष्ण अल्लावरू प्रदेशक तीन दिवसीय भ्रमण कार्यक्रम पर आइ पटना पहुंचलाह। कांग्रेस कार्यकर्ता लोकनि हुनक जोरदार स्वागत कयलनि। श्री अल्लावरू प्रदेश कांग्रेस मुख्यालय सदाकत आश्रम मे पार्टी कार्यकर्ता लोकनि के सम्बोधित करैत कहलनि जे आगामी चुनाव मे नीक प्रदर्शन लेल पार्टी नेता आ कार्यकर्ता लोकनि के जमीन पर काज करबाक होयत।

———————————————————————————

राजधानी पटना समेत प्रदेशक अधिकांश भाग मे तापमान मे लगातार वृद्धि दर्ज कयल जा रहल अछि। पटना, गया, भोजपुर, बेगूसराय, पूर्णियां, कटिहार समेत विभिन्न जिला मे न्यूनतम पारा सत्रह डिग्री सेल्सियसक लऽग–पास पहुंचि गेल अछि, जे औसत सामान्य तापमान सँ तीन–चारि डिग्री सेल्सियस बेसी अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे सहरसाक अगवानपुर राज्यक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल, जतऽ न्यूनतम तापमान एगारह दशमलव सात डिग्री सेल्सियस दर्ज कयल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक

अछि जे अगिला चौबीस घंटा मे न्यूनतम तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस कमी हेबाक संभावना अछि। ओतहि, पश्चिम चंपारण, जमुई आ बांका जिला मे किछु ठाम मेघ गर्जनक संग ठनका खसबाक संभावना बनल अछि।

———————————————————————

पूर्व केन्द्रीय मंत्री शाहनवाज हुसैन कहलनि अछि जे चौबीस फरवरी के प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक भागलपुर मे आयोजित सभा ऐतिहासिक होयत। बेगूसराय मे आइ पत्रकार लोकनि सँ गपशप मे ओ कहलनि जे ओ लोक सभ के प्रधानमंत्रीक सभा मे सम्मिलित हेबाक न्योंत दऽ रहल छथि।

———————————————————————

दरभंगा मेडिकल कॉलेज अपन शताब्दी स्थापना दिवस मना रहल अछि। एहि अवसर पर सप्ताह व्यापी शत वार्षिकी समारोह मे कतेको प्रकारक कार्यक्रमक आयोजन भऽ रहल अछि।

———————————————————————

समस्तीपुर जिलाक पूसा स्थित विद्यापति सभागार मे आइ बिहार मे कुसियारक उत्पादन मे वृद्धि एक चुनौती विषय पर एक दिवसीय संगोष्ठीक आयोजन कयल

———————————————————————

पछिला दिन मधुबनी रेलवे स्टेशन पर स्वतंत्रता सेनानी एक्सप्रेस मे भेल तोड़फोड़क मामिला मे आरपीएफ एक आरोपी के गिरफ्तार कयलक  अछि।

———————————————————————

समाप्त